



Pou Piblikasyon Imedya: 30/06/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**DEKLARASYON GOUVÈNÈ HOCHUL SOU DESIZYON TRIBINAL SIPRÈM POU
REVIZE KA KI PWOTEJE SIVIVAN VYOLANS DOMESTIK YO KONT VYOLANS AK
ZAM**

"Aprè yon seri opinyon devastatè semèn sa a, nou te aprann jodi a ke Tribinal Siprèm Ameriken an pral konsidere kounye a anile yon lwa ki anpeche zam afe tonbe nan men moun ki fè abi vyolans domestik yo epi ki pwoteje sivivan yo. Sa fèt yon ane apre Tribinal la te anile avèk enpridans yon lwa ki te gen yon syèk ki te etabli règleman sekirite bon sans sou zam nan New York. Sa ban m degoutans paske Tribinal Siprèm Etazini an yon lòt fwa ankò sou wout pou detwi dwa yon Gouvènè pou pwoteje rezidan ki pi vilnerab yo ak sivivan abi domestik yo nan Eta kont vyolans ak zam.

N ap swiv depre revizyon Tribinal Siprèm Ameriken an sou ka sa a, men angajman nou rete menm jan an: n ap kontinye pran mezi odasye pou pwoteje viktim vyolans ki baze sou sèks ak mete fen nan epidemi vyolans ak zam".

###

Lèt nouèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)